



Pou Piblikasyon Imedya: 09/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 40 MILYON DOLA NAN ENVESTISMAN NAN ENFRASTRIKTI DLO PWÒP, ENKLI PREMYE PWOJÈ DLO POTAB NAN ETA A KI PRAL RESEVWA FINANSMAN FEDERAL LWA SOU ENFRASTRIKTI BILATERAL LA

Anons sa a make dènye aksyon pou pwoteje apwovizyonman dlo potab vital New York yo, amelyore sistèm dlo ak egou yo api redui polisyon dlo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 40.3 milyon dola nan asistans finansye pou pwojè amelyorasyon enfrastruktir dola, ki gen ladan premye pwojè dlo potab nan Eta New York ki pral resevwa finansman pou enfrastruktir nan kad Lwa sou Enfrastruktir Bilateral (Bipartisan Infrastructure Law, BIL) la nan Albany. Konsèy Administrasyon Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation, EFC) la te apwouve finansman nan pri ki ba epi te deja anonse sibvansyon, ki otorize aksè minisipal yo nan kapital ki nesèsè pou kòmanse travay pou pwojè enpòtan pou dlo potab ak egou ki diminye risk potansyèl pou sante piblik ak anviwònman an.

"Kominote yo bezwen sipò finansye pou ede yo antreprann pwojè amelyorasyon enfrastruktir dlo enpòtan yo, e se poutèt sa mwen priyore yon investisman 500 milyon dola nan enfrastruktir dlo pwòp la nan Bidjè Egzekitif mwen an" **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman yo te anonse jodi a pral ede minisipalite yo modènize dlo potab pa yo ak enfrastruktir dlo ize yo epi amelyore kalite dlo ak sante piblik nan kominote pa yo."

Otorite Finans Dlo Minisipal Albany an pral resevwa premye finansman ki soti nan Lwa sou Enfrastruktir Bilateral la pou enfrastruktir dlo potab nan Eta New York. Finansman Lwa Enfrastruktir Bilateral ki apwouve pou otorite a gen ladan yon sibvansyon 1.27 milyon dola ak 1.83 milyon dola finansman akoutèm san enterè. Finansman sa a ajoute sou yon sibvansyon pou dlo eta ki se 3 milyon dola. Yo pral itilize finansman an pou modènize enfrastruktir ki aje nan twa enstalasyon nan Sistèm Dlo Albany an, ki gen ladan Izin Filtrasyon Feura Bush la, Estasyon Ponpaj Pine Bush la, ak Rezèvwa Loudonville la.

Apwobasyon Konsèy la enkli finansman atravè Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp (Clean Water State Revolving Fund, CWSRF) la ak Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab (Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF) ak sibvansyon yo te deja anonse konfòmman ak pwogram Amelyorasyon Enfrastruktir Dlo a. Finansman pou enfrastruktir dlo ki soti nan Lwa sou Enfrastruktir Bipatit federal la ap administre pa EFC atravè

pwogram Fon Woulman Eta a. Gouvènè Hochul te anonse [finansman pou premye pwojè enfrastrikti dlo pwòp ki finance pa Lwa Federal sou Enfrastrikti Bilateral la](#) an novanm.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal Eta New York la, Maureen A. Coleman, te deklare, "Sibvansyon ak finansman ki apwouve jodi a pa Konsèy EFC a pral ede fè pwojè sa yo abòdab epi ede asire ke baryè finansye yo pa anpeche kominote yo antreprann pwojè enpòtan ki pwoteje sante piblik ak anviwònman an. EFC remèsye Gouvènè Hochul, Prezidan Biden, ak patnè Kongrè nou yo paske yo pou priyore investisman nan enfrastrikti dlo. EFC angaje li pou li ofri resous sa yo bay kominote ki pi bezwen yo epi l ap kontinye bay sipò san parèy pou ede yo jwenn aksè ak finansman eta ak federal."

Prezidan Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal Eta New York ak Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "Asire dlo pwòp epi ki potab rete yon pi gwo priyore epi New York gen chans genyen lidèchip Gouvènè Hochul, Prezidan Biden, Administratè EPA Etazini an Reagan, ak delegasyon Kongrè eta nou an k ap travay ansanm pou avanse investisman estratejik ki pwoteje kalite dlo. DEC kontan wè pwojè Albany ak anpil lòt avanse ak sipò resous eta ak federal yo k ap kreye djòb, benefisye kominote yo, epi pwoteje Nouyòkè yo."

Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta New York la, John McDonald, te deklare, "Dlo esansyèl pou lavi ak pou lavi tout Nouyòkè yo, kidonk n ap kontinye amelyore investisman nou yo nan enfrastrikti dlo pwòp. Finansman sa a ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la ak Pati yo te anonse jodi a pral ede nan modènize enfrastrikti dlo potab nan Albany lè yo konbine avèk inisyativ sou bon jan kalite dlo nan Eta nou an. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te mete 500 milyon dola nan finansman pou enfrastrikti dlo pwòp la nan Bidjè Egzekitif li a, sa ki te ogmante investisman total New York nan enfrastrikti dlo pwòp la a 5 milya dola."

Sekretè Deta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Eta New York kontinye fè investisman san parèy nan enfrastrikti dlo pwòp, ki se fondasyon esansyèl pou kominote ki an sante, ki rezistan ak dirab. Investisman finansye sa yo pral ede kominote yo atravè Empire State la amelyore enfrastrikti dlo pa yo, pwoteje sistèm yo kont kontaminan toksik yo, epi ranfòse aksè ak dlo pwòp. Anons sa a montre angajman Gouvènè Hochul te pran pou l travay avèk patnè nou yo nan gouvènman federal la pou amelyore lavi Nouyòkè yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Administratè Rejyonal EPA, Lisa F. Garcia, te deklare, "Gras ak Administrasyon Biden-Harris la, finansman san parèy sa a ki bay gras al Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la ap asire amelyorasyon enfrastrikti esansyèl yo nan kominote ki pi bezwen sipò finansye a. New York se yon patnè kle nan efò sa yo pou reyalize ekite anviwònmantal."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Fon sa yo ap soti nan Lwa sou Investisman & Travay pou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Investment & Jobs Act) la pou asire dlo potab ki san danje epi ki pwòp pou fanmi ak kominote yo

atravè New York. Investisman 40+ milyon dola sa a pral amelyore sistèm dlo ak egou nan chak kwen Empire State la depi Cattaraugus rive Albany rive nan Konte Nassau. Sa vle di tou travay, travay, travay, ki edifye kominote nou yo ak pwojè ki te dwe fèt depi lontan pou fè dlo New York yo vin pi an sante ak pi pwòp. Mwen fyè pou m fè investisman federal istorik sa a pou m chanje vye enfrastrikti dlo New York".

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Chak fanmi merite aksè ak dlo pwòp ki potab. Se poutèt sa mwen te ogmante konsyantizasyon sou enfrastrikti dlo ki aje nan Rejyon Kapital la epi m ap travay pou adopte lejislasyon pou repare sa. Nouvo investisman sa yo nan enfrastrikti ki kache nan Albany yo se yon rezilta dirèk nan Lwa sou Enfrastrikti Bilateral istorik la, k ap kreye djòb pandan y ap asire rezidan Albany yo kontinye gen aksè ak dlo potab ki pwòp, ki san danje epi ki fyab."

Finansman Pwojè Dlo Pwòp yo Apwouve:

1. **Otorite Finans Dlo Minisipal Albany** - 725,000 dola sibvansyon WIIA pou amelyorasyon egou sanitè yo pou diminye debòdman egou konbine nan vil Albany.
2. **Vil Gorham nan Konte Ontario** - 135,825 dola finansman akoutèm san enterè, 673,625 dola finansman akoutèm nan to mache a ak 90,550 dola sibvansyon WIIA pou planifikasyon, konsepsyon ak konstriksyon yon sistèm dezenfeksyon devèswa nan etablisman tretman dlo ize vil la.
3. **Vil Harrison nan Konte Westchester** - 1,750,000 dola sibvansyon WIIA pou fè sondaj ak reyabilite sistèm koleksyon dlo ize vil la pou elimine debòdman egou sanitè yo nan Long Island Sound.

Finansman Pwojè Dlo Potab yo Apwouve

1. **Otorite Finans Dlo Minisipal Albany** - 1,830,000 dola finansman akoutèm san enterè, ak 1,270,000 sibvansyon, ki soti nan finansman Sipleman tè Jeneral Lwa Enfrastrikti Bilateral la ak 3,000,000 dola sibvansyon pou modènize enfrastrikti ki aje nan Izin Filtrasyon Feura Bush, Estasyon Ponpaj Pine Bush, ak Rezèvwa Loudonville la.
2. **Vil Ellicottville nan Konte Cattaraugus** - 1,333,334 dola finansman akoutèm san enterè, 2,666,666 dola finansman akoutèm nan to mache a, ak 3,000,000 dola sibvansyon WIIA pou enstale jeneratris pou rezèv kouran nan tout pi ak estasyon ponpaj anplifikatè yo, ranplase de tank pou estokaj dlo ak transmisyon ak distribisyon ki aje yo, epi fè amelyorasyon lojisyèl ak sekirite.
3. **Vilaj Garden City nan Konte Nassau** - 5,336,304 dola sibvansyon WIIA pou enstale nouvo aparèy nan Izin Clinton Road la pou tretman kontaminan emèjan yo.

4. **Vil Gorham nan Konte Ontario** - 4,971,000 dola finansman akoutèm nan to mache a ak 3,000,000 dola sibvansyon WIIA pou modènize enstalasyon tretman dlo ki egziste a nan yon izin ultrafiltrasyon ak filtraj GAC pou asire bon tretman dlo sous pou adrese Pwoliferasyon Alg ki Danjere (Harmful Algae Blooms, HAB), PFOA/PFOS ak tibidite elve.
5. **Distri Dlo Jericho nan Konte Nassau** - 3,000,000 dola sibvansyon WIIA pou konstwi yon sistèm ayerasyon nan yon tou a ganisaj pou trete konsantrasyon Frewon-22 nan Pi No. 6 ak 16 pou bese nivo maksimòm kontaminan an.
6. **Vil New Haven nan Konte Oswego** - 925,000 dola sibvansyon WIIA pou enstale apeprè 46,200 pye konduit ki mezire 8 pous pou konekte Vil New Haven ak Vil Scriba epi pwolonje sèvis nan 101 pwopriyete ki nan pi rezidansyèl yo kounye a. Yo pral enstale tou bòn ensandi, valv ak kontè sèvis.
7. **Distri Dlo Plainview nan Konte Nassau** - 5,399,226 dola sibvansyon WIIA pou enstale nouvo ekipman nan Izin No 7 la pou tretman kontaminan k ap emèje yo.
8. **Vil Warrensburg nan Konte Warren** - 496,700 dola finansman akoutèm nan to mache ak 745,050 dola sibvansyon WIIA pou ranplase konduit transmisyon ki mezire 12 pous ki konekte tank depo dlo a ak sistèm distribisyon an, epi ranplase valv izolman an ak vout valv la.

Angajman New York pou Kalite Dlo

New York kontinye ogmante investisman li nan pwojè enfrastrikti dlo pwòp. Dènyèman, nan ajanda Eta Leta 2023 li a, Gouvènè Hochul te angaje l pou l investi 500 milyon dola anplis nan finansman dlo pwòp, sa ki mennen investisman total New York nan enfrastrikti dlo pwòp la nan 5 milya dola. Pou eksplwate investisman sa yo epi asire kowòdinasyon ki kontini ak gouvènman lokal yo, Ekip Asistans Kominotè a pral fè sansibilizasyon ki pwo-aktiv pou ti kominote riral epi ki defavorize yo epi ede yo jwenn aksè nan èd finansye pou reponn a bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo.

Anplis de sa a, avèk apwobasyon votè yo pou 4.2 milya dola [Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt](#) (Clean Water, Clean Air, and Green Jobs Environmental Bond Act) la, gen plis nivo finansman istorik pou mete ajou enfrastrikti dlo ki aje epi pwoteje kalite dlo; ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; prezève espas deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan investi omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan resous nan kominote defavorize yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)